



Pou Piblikasyon Imedya: 06/10/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE BLUE WHITE ROBOTICS ETABLI SANT OPERASYON NAN NEW YORK SANTAL

*Yon fim Izraelyen pral ouvri sant kòmand veyikil ayeryen ak tèrès otònòm nan
Pak Teknolojik CenterState CEO a nan Anbalavil Syracuse la*

*Investisman an ap Konplemante "CNY Rising" - ki se Estrateji Global Rejyon an
pou Revitalize Kominote yo epi Devlope Ekonomi an*

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke konpayi otònòm otomobil Blue White Robotics la ap etabli yon sant kòmand ak kontwòl nan Pak Teknolojik (Tech Garden) la nan Anbalavil Syracuse la. Avèk asistans ki soti nan Eta New York ak atravè investisman prive yo, konpayi an ap devlope platfòm "robo antanke sèvis" li an ak planifye pou li mete anplas yon ekip operasyon, maketin vant nan lokal Harrison Street la, sa k'ap kreye jiska 30 djòb pandan senk ane k'ap vini yo. Nan prentan ki sot pase a, konpayi an te anonse enterè yo nan agrandi prezans yo nan eta New York nan fè patenarya avèk konpayi lokal yo pou desèvi agrikilti, transpò ak mache premye entèvenan eta a yo. Empire State Development ap ede Blue White Robotics avèk jiska 300,000 dola atravè pwogram Excelsior Kreyasyon Travay (Excelsior Job Creation) la ak CenterState CEO ap bay 1 milyon dola nan asistans Fon Travay UAS (UAS Jobs Funds) yo.

"Investisman sible New York nan endistri sistèm ayeryen san pilòt nan pati nò a vrèma pote fwi", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Desizyon Blue White Robotics ou lokalize katye jeneral U.S. li yo nan New York Santral se prèf pozitif ke efò sa yo mete New York sou kat la, sa ki lakòz kreyasyon bon jan kalite travay ak opòtinite ki pral ankouraje plis kwasans nan rejyon an."

"Nou ap kontinye investi nan New York Santral pou devlope endistri teknoloji avanse a epi atire biznis nan zòn nan", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Nouvo sant operasyon Blue White Robotics la nan anbalavil Syracuse pral avanse inovasyon teknoloji ak kreye nouvo travay ak opòtinite nan rejyon an. Patenarya sa a pral ankouraje kolaborasyon nan mitan konpayi lokal yo epi ranfòse ekonomi lokal la pandan n'ap kontinye rebati pi byen nan kad CNY Rising lna epi reyimajine avni Eta New York la."

Depans total pwojè total a te evalye a yon ti kras pi plis pase 4 milyon dola. Blue Blaw Robotics te garanti tou dènyèman 10 milyon dola investisman seri A ki pral itilize pou sipò kwasans lan davantaj nan operasyon US li yo.

Baze nan Tel Aviv an Izrayèl [Blue White Robotics](#) espesyalize nan solisyon otonòm pou agrikilti, transpò piblik, enèji ak min, ak premye entèvenan yo. Kliyan konpayi inovan yo a gen ladan konpayi prive k'ap mennen, òganizasyon gouvènmantal, ak enstitisyon rechèch atravè mond lan. Konpayi an ap ede tou Easy Aerial ki soti nan Brooklyn, yon konpayi ki fè konsepsyon ak fabrike dron otonòm ak sistèm kontwòl tèrès ak Dropcopter ki soti nan Syracuse, ki devlope kapasite polinizasyon ayeryen, nan kad solisyon ak kriz la myèl mondyal la an patenarya ak Cornell University.

Direktè Egzekitif Jeneral Blue White Robotics la, Ben Alfi, te deklare, "Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo pou sipò li ak vizyon li pou sistèm otonòm yo; epi eksprime rekonesans nou an vè tout moun nan Empire State Development pou akèy chalerez nou resevwa a. Ansanm, nou pral pataje valè amitye nou, lanmou pou latè, ak inovasyon"!

Ofisyèl Blue White Robotics yo te rejwenn [delegasyon endistri UAS Gouvènè a an Izrayèl an jiyè 2019](#). An prezans konpayi prensipal yo, enstitisyon akademik yo ak jèn konpayi teknoloji yo nan tou de konte yo, somè a te sible sou pwomosyon komès ak kolaborasyon ant NY ak Izrayèl la pou dwòn, sante ak teknoloji enfrastrikti.

Eta New York konsantre nèt nan etabli tèt li kòm yon lidè nan tout mond lan nan devlopman ak aplikasyon endistri sistèm otonòm yo. An 2016, Gouvènè Cuomo te anonse yon investisman 30 milyon dola pou devlope yon koridò tèrès dwòn ki mezire 80 kilomèt ant Syracuse ak Rome sou fòm yon Sibvansyon Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta (Upstate Revitalization Initiative) CNY Rising lan. Jodia a, premye Koridò Jesyon Sikilasyon San Pilòt (Unmanned Traffic Management Corridor) ki mezire 80 kilomèt ant Syracuse ak Rome se yon lidè mondyal pou teste platfòm ak inovasyon UAS yo. Nan yon efò pou devlope davantaj operasyon US li an, Blue White Robotics pral fè tèrès ak pwosesis lisans pou sistèm kòmand ak kontwòl avanse li yo nan sit tèrès ke NUAIR opere a.

Komisè Pwovizwa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yo nonmen pou Empire State Development, Eric Gertler te deklare, "Lè nou sipòte fim teknoloji avanse tankou Blue White Robotics, n'ap atire enèji antreprenaryal ki soti atravè mond lan nan Rejyon New York Santral la, ki se yon sant pou inovasyon UAS. Pati Nò New York la gen talan ak enfrastrikti dènye modèl pou estimile davantaj kwasans endistri k'ap evolue sa a".

Eta a Senatè Rachel May te di, "Li toujou enteresan pou wè ekspansyon nouvo opòtinite nan Pak Teknolojik la. Syracuse adapte li pafètman pou avansman teknoloji inovan yo epi li bèl pou wè investisman eta a nan rejyon nou an kontinye pote nouvo biznis ak endistri isit la".

Manm Asanble Eta a, William Magnarelli te deklare, "Ogmantasyon Blue White Robotics la nan Pak Teknolojik la nan Syracuse se yon gwo egzanp sou ki jan Pak Teknolojik la ap grandi epi avanse kontinyèlman. Syracuse gen resous, koneksyon ak opòtinite pou konpayi k'ap chèche vin inovatè ak lidè endistri yo".

Chèf Egzekitif Konte Onondaga a, Ryan McMahon te deklare, "Envestisman kontinyèl nou yo nan lidè endistri ayeryen san pilòt yo tankou Blue White Robotics ap sèvi pou transfòme New York Santral an yon lidè mondyal nan teknoloji dènve kri sa a. Nou pral kontinye sipòte konpayi sa yo k'ap kreye djòb pandan y'ap kontribye nan efò sible nou yo pou ranfòse ekonomi Konte Onondaga pandan anpil ane kap vini yo".

Majistra Syracuse la, Ben Walsh te deklare, "Mwen kontan ke vwayaj Blue White Robotics te abouti nan vil Syracuse. Se prè davantaj ke Syracuse ak New York Santral se destinasyon pou konpayi teknoloji yo ki ta ka lokalize biznis yo nenpòt kote. Se yon lòt bourad tou pou Syracuse Surge (Monte Syracuse), ki se estrateji nou an pou kwasans enklizif nan Nouvo Ekonomi an. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo, Empire State Development ak CenterState pou sipò konsistan yo pou bon jan djòb nan rejyon nou an".

Prezidan CEO CenterState la, Rob Simpson, te deklare, "Nou pa ka tann pou nou akeyi Blue White Robotics nan Pak Teknolojik la epi ede yo elaji ak kreye djòb isit la nan New York Santral. Pandan deseni ki sot pase a rejyon sa a te avanse pozisyon lidèchip mondyal li a nan sektè sistèm san pilòt la. Atire konpayi modèn sa a refleto pwogrè nou deja fè ak validasyon envestisman eta a pou sipòte New York Santral nan devni yon sant rechèch avanse ak devlopman biznis nan sektè sa a k'ap boujonnen an".

Akselere CNY Rising

Anons jodi a ap konplèman "CNY Rising," ki se plan global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik solid ak devlopman kominotè. Eta a te deja envesti plis pase 6.3 milya dola nan rejyon an depi 2012 pou etabli fondasyon pou plan an – lè li kapitalize sou opòtinite mache global la yo, ranfòse espri antreprenarya epi kreye yon ekonomi enklizif. Kounye a, rejyon an ap akselere inisyativ Central NY Rising lan gras a yon envestisman 500 milyon dola Eta ap fè atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a, ke Gouvènè Cuomo te anonse nan mwa desanm 2015 lan. Envestisman 500 milyon dola Eta a pral ensite biznis prive yo envesti plis pase 2.5 milya dola – epi plan rejyon an, jan yo soumèt li a, prevwa jiska 5,900 nouvo travay. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

Lèt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)